



PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS)
SMP ISLAM TERPADU AL BURHAN
Sambongpuri Mangkubumi Kota Tasikmalaya
Tahun Pelajaran 2023/2024

Mata Pelajaran	B. Sunda	Hari / Tanggal	Sabtu, 10 Desember 2023	NILAI
Kelas	IX (Sembilan)	Waktu	10.00 – 11.30	
NAMA				

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat pada pilihan A, B, C dan D di bawah ini!

1. Perhatikeun gambar di handap iye!



Ngaran wangunan suhunan nyaeta

- A. Suhunan jolopong
B. Suhunan badak heuay
C. parahu kumeureb
D. Julang ngapak

2. Tempat miara lauk di walungan nyaeta

- A. karayak
B. pagupon
C. karamba
D. paranje

3. Naon anu di sebut leuit?

- A. adeganbasajan paranti dagang di Pasar
B. tempat neundeun pare
C. adegan basajan tempat solat
D. tempat cicingna putri raja

4. Naon sababna éta mencek dingaranan Si Paser ?

- A. lantaran siga si kancil
B. lantaran boyot
C. lantaran lumpatna tarik pisan, diibaratkeun kana pasèr anu ngabelesat tina sumpit
D. lantaran bayuhyuh

5. Naon tèma tina novel anu judulna "Si Pasèr" teh ?

- A. kahirupan sapopoe
B. kaulinan
C. kaayaan di leuweung
D. kaayaan di imah

Pertanyaan No 6 s.d 8!

Kampung Mahmud téh kampung leutik nu perenahna di Désa Mekar Rahayu, Kacamatan Margaasih. Aya di sisi walungan Citarum. Di dinya aya makam karamat anu disebut "Maqom Mahmud". Makam anu ngadegkeun Kampung Mahmud, nya éta Éyang Dalem Abdul Manaf, masih kénéh rundayan Sunan Gunung Jati (Syarif Hidayatulloh) ti Cirebon.

Nurutkeun carita rakyat di dinya, Éyang Dalem Abdul Manaf téh anu munggaran nyebarkeun agama Islam di wewengkon Bandung. Dina nyebarkeun agama Islam, Éyang Dalem Abdul Manaf dibantuan ku dua urang muridna nya éta Éyang Agung Zainal Arif jeung

Éyang Abdullah Gedug.

Di Kampung Mahmud teu meunang nanggap wayang sarta tatabeuhan anu maké goong saperti jaipongan. Mémang taya aturan anu tinulis, ngan upama dirempak cenah sok aya matakna, saperti keuna ku panyakit, rumah tanggana baruntak, jadi malarat, jeung hal-hal anu teu hadé liana.

Tatanggaan anu meunang ditabeuh téh ngan terebang. Terebang sok dipidangkeun dina upacara kaagamaan saperti Rajaban jeung Muludan. Waditrana saperti genjring, rupa-rupa ukuranana, diuwuhan ku dogdog jeung kecrék. Tapi kiwari mah terebang ogé sok ditanggap di nu hajatan saperti di nu nyunatan atawa ngawinkeun.

(Dicutat tina Wiwaha Basa Kelas 9, 2017)

6. Anu ngadegkeun Kampung Mahmud téh tétéla masih kénéh rundayan Sunan Gunung Jati ti Cirebon, nya éta

- A. Syarif Hidayatulloh
B. Éyang Dalem Abdul Manaf
C. Éyang Agung Zainal Arif
D. Éyang Abdullah Gedug

7. Kampung Mahmud téh mangrupa salah sahiji kampung adat di Kabupatén Bandung anu ayana di Désa Mekar Rahayu, Kacamatan Margaasih. Perenahna nya éta di sisi ...

- A. Walungan Citanduy
B. Walungan Cikeas
C. Walungan Citarum
D. Walungan Cisadane

8. Aya sababaraha kasenian atawa tatabeuhan anu teu meunang ditanggap di Kampung Mahmud. Tatabeuhan anu meunang ditanggap téh ngan saukur

- A. Tari merak
B. Terebang
C. Goong kabuyutan
D. Pupujian ka Rasulullah

9. Di kampung adat mah loba hal anu dipahing. Sanajan taya aturan anu tinulisna, tapi ku masarakatna tara dirempak.

A. dipibanda, dicarék C. dibeli, dilarang
B. dipantrang, dilarang D. dipihara, dibeli

Kampung adat Arjasari téh ku urang dinyana mah sok disarebut Kabuyutan Lebakwangi, Batukarut. Anu jadi ciri utamana nya éta wangunan anu disebut Bumi Alit. Di jerona aya rupa-rupa barang pusaka titinggal Embah Manggungdikusumah kayaning kujang, keris, tumbak, badi, jeung gobag. Ari Embah Manggungdikusumah téh anu ngadegkeun éta kampung sarta salasaurang anu nyebarkeun agama Islam di wewengkon pakidulan Bandung.

Salian ti barang pusaka, di Bumi Alit ogé aya sumbul jeung gamelan anu katelah goong rénténg Embah Bandong. Gamelan kabuyutan anu ditabeuhna unggal tanggal 12 Mulud dina mangsana Muludan, nya éta pangéling-ngéling dibabarkeunana Kangjeng Nabi Muhammad Saw.

Di wewengkon Bumi Alit aya makam karuhun anu sok dijararahan, nya éta makam Embah Lurah Sutadikusumah, Embah Wira Sutadikusumah, Embah Patradikusumah, Embah Aji Kalangsumitra, jeung Embah Dalem Andaya Sakti. Waktuna jarakna ogé teu bisa sagawayah deuih, ngan bisa poé Senén jeung poé Kemis baé. Poé Salasa salila bulan puasa mah, Bumi Alit téh teu meunang pisan didatangan ku jelema, ari lain kuncén jeung patugasna mah.

10. Anu ngadegkeun Kampung Arjasari teh salah saurang tokoh anu nyebarkeun agama Islam di wewengkon pakidulan Bandung. Ngaranna nyaeta ...
 - A. Embah Bandong
 - B. Embah Lurah Sutadikusumah
 - C. Embah Manggundikusumah
 - D. Embah Dalem Andaya
11. Di Kampung Arjasari aya wangunan karamat anu disebut Bumi Alit. Bumi Alit teh dipake pikeun ...
 - A. ngarumat barang pusaka
 - B. ngabersihan barang pusaka
 - C. tempat botram babarengan
 - D. nyimpen barang pusaka kayaning kujang, keris, tumbak, badi, jeung gobag
12. Salian ti pakarang pusaka, di Bumi Alit ogé diteundeun

13. Dina unggal tanggal 12 Mulud di Kampung Arjasari sok diayakeun acara Muludan, nya éta pangéling-ngéling dibabarkeunana
A. Pangjajap
B. Tempat Zarah
C. Embah Bandong
D. Kangjeng Nabi Muhammad SAW
14. Umumna kampung adat di Kabupatén Bandung raket patalina jeung
A. nyerbarkeun agama Islam buhun
B. nyerbarkeun budaya sunda
C. nyerbarkeun basa sunda
D. nyebarna agama Islam
15. Di Kabupatén Bandung aya tilu kampung adat, nya éta
A. Kampung Pamijahan, Kampung Mahmud, jeung Kampung Cikondang
B. Kampung Batu Karut, Kampung Arjasari, jeung Kampung Andir
C. Kampung Arjasari, Kampung Cikondang, jeung Kampung Mahmud
D. Kampung Ciseke, Kampung Batu Karut, jeung Kampung Pamijahan
16. Di Jawa Barat téh aya sababaraha kampung adat nu geus kakoncara, Kampung adat téh kampung anu pengkuh nyekel adat istiadat ti
A. kuncén
B. karuhunna
C. juru kunci
D. penjaga makam
17. Upama hidep dibéré pancén ku guru pikeun nulis naskah biantara, tuluy kudu diapalkeun kecap demi kecap sarta dibiantarakeun di hareupeun kelas kalayan teu maké téks.

18. Téhnik biantara anu nyatetkeun heula gurat badag atawa hal-hal penting omongan anu rék ditepikeun disebut téhnik

A. improtu C. ékstémporan
B. téhnik nalar D. téhnik maca

19. Téhnik biantara téh rupa-rupa. Biantara anu ngagunakeun téks sarta dibaca sakur nu aya dina éta téks, disebut

A. téhnik ngadadak C. téhnik nalar
B. téhnik maca D. téhnik nyatetkeun inti

20. Sora, lentong wirahma, nada, paroman, jeung pasang peta mangrupa hal anu kudu diperhatikeun dina waktu

A. eusi biantara
B. wirahma
C. nepikeun biantara
D. paroman atanapi pasemon

21. Saméméh nulis biantara alusna mah dijieun heula rangkayna, pangpangna mah bagian eusina. Naon sababna?

A. sangkan pidatona narik pamirsa
B. sangkan gampang baca na
C. gampang ka hartos
D. sangkan dina ngamekarkeun eusi biantara téh henteu manawura

22. (1) Nangtukeun jejer/topik biantara.
(2) Nyieun rangkay/kerangka biantara.
(3) Nyusun naskah biantara dumasar kana rangkay nu geus disusun
(4) Ngumpulkeun bahan nu diperlukeun luyu jeung topik.
(5) Ngarapihkeun susunan naskah biantara kalawan bener tur merenah.

Léngkah-léngkah nu bener dina nulis naskah biantaranya éta

A. (2),(1),(3),(5),(4) C. (1), (4), (2), (3),(5)
B. (5),(4),(3),(2),(1) D. (3),(5),(1),(2),(4)

23. Boh bilih langkung saur bahé carék, bobo sapanon carang sapakan.

Ungkara di luhur mangrupa mamais basa anu maksudna pikeun

A. salam bubuka
B. ménta ide
C. ménta dihampura bisi aya ucapan anu teu merenah kadéngéna
D. uluk salam

24. Sakitu anu kapihatur. Boh bilih langkung saur bahé carék, bobo sapanon carang sapakan, hapunten anu kasuhun.

Ungkara di luhur biasana dipaké dina bagian

A. bubuka biantara C. salam biantara
B. eusi biantara D. panutup biantara

Pertanyaan No 25 s.d 26!

Dina ieu waktos urangotokol sadaya ngempel téh nya éta badé miéling dibabarkeunana Ibu Radén Déwi Sartika. Tujuan dilaksanakeun ieu acara teu aya sanés minangka tawis panghormat sareng pangajén ka Ibu Radén Déwi Sartika anu sakitu ageung jasana, utamina dina widang atikan. Ieu acara téh baris direuah-reuah ku paméran sareng rupi-rupi pasanggiri. Tangtosna ogé sadaya siswa tiasa ngiringan ilubiung saluyu sareng karep séwang-séwangan.

25. Naon tujuan diayakeun éta acara?
A. mulasara budaya sunda
B. miéling dibabarkeunana Ibu Raden Dewi Sartika
C. ngamumule budaya sunda
D. kanggo tawis panghormat sareng pangajén kana jasa-jasa Ibu Radén Déwi Sartika
26. Cutatan biantara di luhur téh mangrupa bagian tina
A. eusi C. panutup
B. bubuka D. salam
27. Upama ditilik tina eusi jeung adeganana, biantara téh diwangun ku bubuka, eusi jeung panutup. Anu ditatan ieu biasa ditepikeun dina bagian bubuka biantara, iwal
A. manjatkeun puji syukur
B. nganuhunkeun ka panata calagara
C. menta di hampura kanu hadir
D. ngajéntrékeun tujuan jeung kacindekan biantara

Pertanyaan No 28 s.d 29!

Sim kuring, kalayan asmana rénggréngan pangurus OSIS, seja ngahaturkeun nuhun ka rénggréngan panata calagara anu parantos tihothat, ti ngawitan ngararancang kagiatan dugi ka derna ngalaksanakeun acara dina dinten ieu. Kitu deui ka Bapa Kapala Sakola, Bapa Pangaping OSIS, ogé Bapa sareng Ibu Guru sanésna, sim kuring ngahaturkeun nuhun kana sagala rupi panuyun sareng pangaping enggoning ngalaksanakeun ieu kagiatan.

28. Nu dimaksud panata calagara téh nya éta
A. protokol C. kokolot
B. pupuhu D. panitia penyelenggara
29. Tina cutatan biantara pamapag di luhur katitén yén nu biantara téh nya éta
A. kepala sakola

- B. siswa salaku pangurus OSIS
C. pembina OSIS
D. panitia acara
30. Biantara téh nya éta nyarita di hareupeun balaréa dina situasi nu resmi. Biantara pikeun mapag dina hiji acara disebut biantara pamapag, atawa biasana disebut ...
A. papatah C. weujangan
B. sambutan D. guguritan
31. Bagian bagian khutbah nyaeta.....
A. bubuka-eusi-panutup C. bubuka-eusi
B. eusi-panutup D. bubuka
32. Pupuhu sami hartina jeung.....
A. ketua C. sekretaris
B. anggota D. bendahara
33. Babasan tina sok babari katerap panyakit nyaeta....
A. ipis biwir C. lesang kuras
B. amis daging D. laer gado
34. Harti babasan hujan cipanon nyaeta....
A. loba ceurik C. adigung
B. sok pulang-paling D. teu kabagean
35. Hejo tihang artina.....
A. tihangna warna hejo C. sok pundah-pindah
B. tanggal cau D. neangan picilakaeun
36. Kacai jadi saleuwi. Lengkepan paribasa di luhur...
A. kadarat jadi cai C. kadarat jadi salebak
B. kadarat saat D. kadarat sauyunan
37. Sakola teh mangrupa tempat.....,supaya ngahasilkeun jalma anu guna keur Bangsa jeung Nagara. Lengkepan kalimah di luhur!

- A. Ulin C. Heureuy
B. Pendidikan D. ucing-ucingan

38. Ibu : “Bapa rék ngomong. Pék déngékeun bisi katerangan ibu kurang jelas.”
Bapa : “Ceuk saha kudu make saragam bodas biru?”
Alif : “Saur Toni, réréncangan abdi. Pan ayeuna tos SMP. Janten saragam bodas beureumna kedah gentos ku bodas biru.”
- Sabaraha urang palaku nu aya dina paguneman tadi?
A. Saurang C. Tilu Urang
B. Dua Uran D. Opat Urang
39. Dodit keur ... ku dokter. Lengkepan kalimah di luhur!
A. Dipariksa C. Ditulis
B. Diajar D. Diteunggeul
40. Meni ... pisan lukisan karya Basuki Abdullah téh, pasti mahal da. Lengkepan kalimah di luhur!
A. Lumayan C. Alus
B. Biasa D. Goréng

II. Eusian!

41. Biantara nyaéta...
42. Sebutkeun Kampung Adat anu aya di Kab. Bandung!
43. Sebutkeun unsur-unsur novel!
44. Naon anu disebut "Suhunan Julang Ngapak" ?
45. Langkeupan kalimah dihandap ku cara ngaganti kecap nu aya di jero kurung maké ragam basa kalimat hormat nu merenah!

(Indung kuring) ... (boga) ... panyawat diabét,
anjeuna teu kengeng seuer (dahar) ... nu amis-amis